



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN NOUVO SISTÈM MODÈN POU EDE NOUYÒKÈ YO PREPARE POU DANJE ENSANDI FORÈ

*Patenarya Sistèm Evalyasyon Danje Ensandi ant Mesonet Eta New York ak Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal la ofri plis enfòmasyon fyab sou ensandi forè*

*Danje ensandi kounye a "wo" nan tout Eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo zouti done metewolojik an tan reyèl pou ede enfòmè Nouyòkè yo lè gen plis risk pou gen ensandi forè. Chèchè Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York ak Mesonetat Eta New York nan University at Albany ap itilize done ki soti nan rezo meteyo nan tout eta a University at Albany an pou jenere Evalyasyon Danje Ensandi chak jou pou ofri plis enfòmasyon fyab sou ensandi forè epi amelyore sekirite piblik.

"N ap konstate efè chanjman klima a an tan reyèl, ak sezon dife sovaj danjere atravè kontinan an ane apre ane", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou vle asire ke eta a gen dènye zouti ak enfòmasyon pou prepare ak reponn ak ensandi forè pou asire kominote nou yo ak resous yo pwoteje."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwòmantal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "Menm anvan ensandi nan tè forè yo kòmanse, done egzat enpòtan anpil pou deplwaye resous ak konseye kominote yo sou danje potansyèl yo. Patenarya DEC ak Mesonet Eta New York pral ofri enfòmasyon amelyore ak fyab sou ensandi forè pou ede kenbe kominote yo an sekirite lè li pwofite pouvwa Mesonet pou ogmante kantite estasyon ki anrejistre obsèvasyon nan chak nan Zòn Evalyasyon Danje Ensandi nan eta a. Done sa yo pral ede enfòmè yon nouvo kat ki pi fasil pou li ki pral benefisye Nouyòkè yo lè danje ensandi forè parèt."

**Direktè Mesonet Eta New York la, June Wang, te deklare,** "Pandan klima a ap vin pi cho, frekans ak severite meteyo ensandi a ap ogmante atravè peyi Etazini an. Nouvo kolaborasyon sa a pral reponn lè li pran tout avantaj done ak ekspètiz metewolojik NYS Mesonet, pou bay yon echèl evalyasyon danje ensandi ki pi detaye ak egzak."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Ian, Jackie Bray, te deklare,** "Ensandi forè se yon menas pou moun, bèt, lanati ak kominote yo. Nouvo zouti done sa a pral ede jwenn enfòmasyon enpòtan pou piblik la ak ponpye yo pi vit ak pi egzak pou ke danje ensandi yo kreye yo ka minimize."

**Direktè Sant Rechèch Syans Atmosferik UAlbany an ak Direktè Egzekitif Mesonet Eta New York, Chris Thorncroft, te deklare,** "Done metewolojik lokalize yo gen yon wòl enpòtan pou jwe nan fason nou adapte nou ak enpak ki pi grav nan chanjman klimatik la. Nou fyè pou nou kontinye travay ak patnè piblik ak prive nou yo atravè eta a sou pwojè tankou sa a ki amelyore rezistans Nouyòkè yo nan ekstrèm ki gen rapò ak move tan."

### **Enfòmasyon Meteyo sou Ensandi Lokalize**

[Mezonet Eta New York](#) se sistèm alèt prematire pou deteksyon move tan ki pi avanse ak pi gwo nan peyi a. Li prezante 127 estasyon obsèvasyon metewolojik estanda ki kouvri tout eta a, ki gen ladan omwen youn nan chak konte ak minisipalite. Chak sit mezire tanperati, imidite, vitès ak direksyon van, presyon, presipitasyon, radyasyon solè, pwofondè nèj, enfòmasyon sou tè a epi li ofri imaj kamera. Done yo kolekte an tan reyèl chak senk minit, pou bay modèl prediksyon move tan ak zouti pou pran desizyon pou itilizatè atravè New York.

Sèvis Prediktif kont Ensandi Forè DEC la bay ak mete ajou yon kat danje ensandi ki divize New York an plizyè Zòn Evalyasyon Danje Ensandi epi apre yo evalye yo chak sou yon echèl risk ensandi forè ki soti nan ba rive nan ekstrèm.

Koleksyon done amelyore ede idantifye varyasyon lokal danje ensandi atravè eta a, sa ki pèmèt lidè kominote yo, manadjè ijans yo ak Nouyòkè chak jou yo apte aktivite yo pou anpeche dife epi redwi domaj. Li pral disponib piblikman, li ofri evalyasyon danje dife pandan tout ane a epi, an konjonksyon avèk previzyon metewolojik DEC yo, lòt varyab anviwònmanal ak meteyorolojik meteyo dife pou tout Zòn Evalyasyon Danje Ensandi nan New York.

### **Amelyore Preparasyon pou Ensandi Forè**

Yo pibliye kat jeyografik Danje ensandi yo an menm tan sou alafwa sitwèb DEC la ak sou paj wèb Pwodui Danje Ensandi Mesonet Eta New York la.

Menm jan ak sistèm RAWS aktyèl la, Mesonet Eta New York pral bay Sistèm Jesyon Enfòmasyon Meteyo nasyonal la, k ap ebèje [Sistèm Evalyasyon Danje Ensandi Nasyonal la](#), ak done ki nesèsè pou pibliye pwodui evalyasyon danje ensandi rejyonal yo.

Sitwèb piblik ki disponib atravè Mesonet Eta New York la ofri enfòmasyon sou meteyo ensandi aktyèl ak istorik, ke y ap mete ajou chak jou. Pwojè a finanse pa DEC atravè yon Sibvansyon pou Rediksyon Risk Ensandi Forè Sèvis Forè Depatman Agrikilti Etazini an.

[Paj Pwodui Danje Ensandi Mesonet Eta New York](#) la disponib [ist la](#).

[Paj kat jewografik Danje Ensandi DEC](#) disponib [isit la](#). Li pral kontinye ebèje kat jewografi danje ensandi a anplis enfòmasyon espesifik sou evalyasyon danje ensandi ak zòn evalyasyon danje ensandi yo.

### **Danje Ensandi 'Wo' nan tout Eta**

Dènye kondisyon sèk yo atravè eta a ap lakòz yon danje Ensandi ki "Wo". Yon gwo danje ensandi vle di tout konbistib ki piti epi ki mouri yo pran limen fasil epi ensandi kòmanse fasilman nan pifò kòz, tankou bwousay ak kan dife san siveyans yo. Dife ka vin grav epi kontwole yo difisil sof si yo atake yo avèk siksè pandan yo piti. Rès Eta New York la nan yon nivo danje ensandi modere. [Gen yon kat sou danje ensandi ki ajou](#) ki disponib sou [sitwèb DEC a](#). Byenke entèdiksyon pou boule nan tout eta a pa anvigè ankò, yo ta dwe brile bwa sèlman lè li absoliman nesèsè. Li entèdi pou boule fatra oswa fèy pandan tout ane a nan Eta New York.

### **Yo entèdi boule anplennè nan New York, ak eksepsyon sa yo:**

- Yo pèmèt limen dife nan kan oswa nenpòt lòt dife deyò ki gen mwens pase twa pye nan wotè ak kat pye nan longè, lajè oswa dyamèt.
- Yo pèmèt ti dife pou kwit manje.
- Yo pèmèt boukan dife seremoni oswa nan evènman selebrasyon yo. Yo pèmèt elimiasyon drapo oswa atik relijye nan yon ti dife, si lalwa oswa règleman pa entèdi sa.
- Se sèlman chabon oswa bwa ki sèk, pwòp, ki pa trete oswa ki pa pentire ki ka boule.
- Yo pa ta dwe janm kite dife kan yo san siveyans epi yo dwe etenn yo lè yo fini aktivite yo.

Pou plis enfòmasyon sou sekirite ak prevansyon ensandi, ale sou [sitwèb FIREWISE DEC New York la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)